

VAHEBHERU, CHITSAUKO CHECHIPIRI ¹



...?..aive muno mukirasi uye ndokunakidzwa ne...
[Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti] Uye zvino Bhuku rekutanga raVaHebheru, ndiPauro, takaona, kana kuti tinotenda. Vadzidzi vechitendero vagumirwa; havatongozivi kuti chii, kana kuti ndiani akaRinyora. Asi, ndinotenda, chero ani zvake ane kunzvera kwepamweya kushoma anoona kuti akanga ari Pauro. Zvi—zvinotendwa, nevanyori vazhinji, kuve ari Pauro. Uye kuti iye . . .

² Muchitsauko 1, takaona kuti chaisimudzira Ishe Jesu. Oo, kudzikisa kwaakaita, kuratidza ne—nechiitiko chaakange ave nacho munzira yake yekuDhamasiko. Zvino, Pauro aive, pakutanga kwacho, mudzidzi wechitendero chaiye. Pauro akadzidziswa pasi paGamarieri, mumwe wevadzidzisi vepamusoro-soro vezuva iroro. Uye aive akangwara uye akachenjera, uye aive mudzidzi weBhaibheri akangwara chaizvo.

³ Zvino ndakawana izvi, paakanga ari munzira yake achienda kuDhamasiko, aine matsamba muhomwe make, kuti anosunga vese avo vaive munzira yakaropafadzwa yekare yeEvhangeri, uye murume wacho akange akaperera. Asi, ndakagara ndichitenda kuti kubvira Pauro paakaona Stefano achifa, ndinofunga kuti izvozvo zvinofanirwa kunge zvakashanda naye. Paakabvumira parufu rwaStefano, uye akabata majasi eavo vakamutaka namabwe, zvino Pauro akava nemhosva yeropa raStefano. Zvino akareurura, uye akati, “Handina kana kukodzera,” akati, “nekuti ndakadeura ropa remutendi waKe—waKe, akafira kutenda, Stefano.” Nekuti, akapupurira kwazviri.

⁴ Uye kana ukapupurira kune chero chinhu, unongova nemhosva sekunge uri mubati pamwe nacho. Saka kana tichipupura, toti, “Oo, hongu, havaifanira kunge vakaita izvi, izvi *zvakati-nezvakati*,” chenjera zvaunotaura, nekuti une mhosva nemaonero aunaita. Kana usingakwanise kusarudza, usataure chinhu, ingozvisiya zvakadaro. Zvino paunopupura kuti uri Mukristu, unenge uine mhosva. Maona? Une mhosva yekuva Mukristu, uye unofanira kurarama saizvozvo. Uye kana Mwari vaita vi—Vimbiso muBhaibheri . . .Ndiri kuona murume pano ari muhwiricheya. Kana Mwari vaita Vimbiso, Vane mhosva yeVimbiso iyoyo kunze kwekunge Vazoiita kuti Iitike. Mwari vane mhosva kana Vakaita Vimbiso. Uye Magwaro

ane mhosva kusvikira Azadzikiswa. Maona? Aripo—Aripo ipapo chaipo se—sechirevo chakaitwa naMwari. Uye Anofanira kuzadziswa kana kuti Mwari vane mhosva. Maona?

⁵ Uye saka Pauro, achiva mudzidzisi, uye achiuya munzira yake achidzika kuDhamasiko zuva iroro, ingangoita, nguva inenge yemasikati, ndinofunga kudaro. Pakave neChiedza chikuru chakapenya chichibva Kumatenga, zvino Chikamupofomadza, uye a—akawira pasi. Uye akati aida kuziva kuti Aive ani. Akati Inzwi rakataura, uye rikati, “Sauro, Sauro, ko unoNditambudzireiko?” Ndinotenda chitsauko 8 chaMabasa.

Zvino akati, “Ndianiko Uyo wandinotambudza?”

⁶ Izwi rakadzoka, zvino rikati, “Ndini Jesu.” Oo! “Ndini Jesu, uye zvakakuomera kuti ukave zvinobaya.” Zvino Jesu aive chii panguva iyoyo? Jesu, Aive Chiedza, chingori Chiedza chikuru chaipenya zvakajeka.

⁷ Zvino kuti zvitikurudzire uye tigwana hwaro pano. Aive Chiedza sei, kana Aive Munhu? Zvino, hapana munhu. . .

Paive neboka remasoja aiva naPauro, varindi vemutemberi, vachienda zasi kunosunga. Pauro ndiye aive mukuru wemauto. Zvino vaidzika zasi kunosunga vanhu ivavo, nekuda kwembuserere dzavo nezvimwe zvakadaro, uye nekuda kwetariro yechitendero chavo yaive iri mavari.

⁸ Asi, zvino, heuno Jesu seChiedza chikuru. Zvino, kana muchirangarira, pakutanga, Jesu aive Chiedza. Jesu aiva Rogosi yakabuda muna Mwari. Uye Aive. . . Aive Mutumwa weSungano akatungamira vana veIsraeri nemurenje. Zvino Aive Shongwe yeMoto yavakange vakatarisa. Uye Akanga ari. . . Zvino paAive pano panyika, Akati, “Ndakabva kuna Mwari, uye ndinodzokera kuna Mwari.” Saka kana Akabva muShongwe yeMoto, ndokupinda muMunhu, zvino kana Akadzokera kwaAive, Akadzokera kuChiedza zvakare. Uye ndiko kwaAkanga ari apo Pauro paakaMuona, Akanga ari Chiedza.

⁹ Zvino, masoja ese iwayo aive naPauro haana kuona Chiedza. Saka zvinokwanisika here kuti mumwe anogona kuChiona uye vamwe vasingaChione? Zvirokwazvo. Zvakanaka. Iye, Pauro, akaChiona, asi vamwe vese havana kuona Chiedza.

¹⁰ Zvino, apo Petro aive mutirongo, tinoona kuti Chiedza ichi chakapinda mutirongo, chikavhura masuwo. Uye aive. . . Chiedza ichocho chakapofomadza vamwe varindi vese, pavakafamba vachibuda kunze, Petro achienda. Zvino paakasvika pamusuwo, wakangozvivhura wega, chinyararire, ndokuvharika shure kwake. Kubva mutirongo remukati-kati, akaenda kusuwo rekunze. Rakavhurika rega, rikavharika chinyararire. Uye zvakare akaenda pane mukoto, akabuda kunze achinopinda mumugwagwa weguta. Zvino akapukuta maziso ake, sekunge ari kuti, “Ko ndanga ndichirota here?” Aisaziva

zvaive zvaitika. Asi, Mutumwa waJehovha, Mutumwa mumwe chete aive Shongwe yeMoto yakafambisa Mosesi kugungwa uye ndokuriwaridzira ipapo, oo, uye Gungwa Rakafa. . . Gungwa Dzvuku rakaita madziro kumativi ese maviri, zvino Israeri yakayambukira mhiri.

¹¹ Uye pavakasvika kuJorodhani rakazarisa, haAna kuZviiti kuti aoneke ipapo. Asi Akanga aripo, nekuti Akangorivhura. Zvino vakayambuka muna Kubvumbi, apo mapani anenge akazara nemvura. Zvino Akamisa chitubu, uye Akamisa chando kuti chisanyungudike, nekuti haina kuita mudhuri wairamba ichikwirira mudenga; yakangomira. Ndiye Jehovha wedu. Ndiye Ishe wedu Jesu. Ndokungomisa; zvino vakafamba vachiyambuka paivhu rakaoma.

¹² Zvino, Mwari vakavimbisa kuti Vaizovachengeta, saka Vakanga vakasungirwa kuVimbiso yaVo. Zvino, Pauro, achiziva zvinhu izvi, uye achizviziva, akave nerombo rakanaka, nekuti Mwari vaitaura zvakananga kuna Pauro. Vakange vasiri kutaura kumasoja aive naye. Vakanga vachitaura naPauro bedzi.

¹³ Zvino, apo—apo Mutumwa waJehovha paakadzika zasi, muchimiro chenyeredzi; uye vanzveri venyeredzi, varume vachenjeri vekuIndia, apo, pavakaona Nyeredzi iya uye vakaItevera kwemazana emamaira. Zvino Yakaenda nepamusoro penzvimbo dzose dzinoongorora zvemuchadenga, nekuti vaichengeta nguva nyenyeredzi. Uye hapana mumwe akaona Nyeredzi iyoyo kunze kwevarume vachenjeri. Oo, ini zvangu! Hazvikufadzei here izvozvo? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti]

¹⁴ Zvino, munoona, Mwari havashandi nemasangano. HaVashandi nemapoka evanhu. Vanoshanda nedungamunhu. Vanozvizarura pachaVo kudungamunhu. Saka zvino—zvino kutaura izvi, kwete izvi. . . Mwari vanoziva moyo wangu. Uye kwete kutaura izvi kuitira ini pachangu, kuzvirumbidza pachangu; zvino, kungova ipapo. Asi, manga muchiziva here, kuti Mwari vamwe chete ivavo, Jesu mumwe chete iyeye, anesu mangwanani ano? Munoziva here, kuti mumwe nemumwe wenyu ane kupupurira kudiki, kwake pachake kwacho iko zvino, kwekuti Ari pano? Uye ari. . . Akatiitira chimwe chinhu muzuva rino chaAsina kuita mune mamwe mazuva; Akatorwa Mufananidzo waKe muzuva rino. TinaWo wakaremba apo chaipo. Maona? Shongwe yeMoto, Ishe Jesu vamwe chete.

¹⁵ Tarisai mashandiro aVanoita zvino. Kana Ari Ishe Jesu mumwe chete, Achaita zvimwe chete, nekuti Bhaibheri rakati, “Ndiye mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi.”

¹⁶ Zvino, Pauro asati azivisa chero chinhu, kuti izvi zvaive zvakanaka here kana kuti hazvina, akatanga adzika kuEgipita ndokupedza makore matatu, kuti aone kana zvaive muMagwaro kana kwete. Makambozviziva here izvozvo?

Mushure mekutendeuka kwaPauro, akaenda kuEgipita kwemakore matatu. Ikoko akanogara, uye ndiko kwaakadzidza huchenjeri hukuru uhwu.

¹⁷ Zvino, ndisiri kana kumboenzanisa zvachose, ndiri kungokupai kuti Mweya Mutsvene unoramba uri mumwe chete sei. Zvino, chechi yangu pano inorangarira, makore apfuura, apo Mutumwa uyu aionekwa uye oratidza zvinhu. Ndakanga ndiine kakupokana naZvo zvishoma. Imi mose munozviziva izvozvo, imi venguva dzakare. Kana imi. . . Kana zviriro izvo, simudzai ruoko rwenyu, pamakanzwa. Hongu. Tarisai, tarisai kuchechi, zvakadaro, kubva kune vekare. Maona? Ndakanga ndisina chokwadi, nekuti vaparidzi vakandiudza kuti Zvaive zvadhiyabhore. Uye ndakaita sekuzvitenda, asi ndakamirira. Hapana chandaitaura neZvazvo.

¹⁸ Asi, oo, Zita raShe ngariropafadzwe! Humwe husiku, uko, Akadzika zasi, Mutumwa, ndokuZvizarura muMagwaro, kuti Aive. Zvino pandakaZviona muMagwaro, zvino ndokuputitsa kwese munyika naYo, Mharidzo.

¹⁹ Kubva ipapo kwakaenda Oral Roberts, A. A. Allen, Tommy Osborn, Tommy Hicks, uye nevamwewo. Maona? IMharidzo kuvanhu.

²⁰ Uye Jesu mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi. Zviriro muMagwaro, ndiYe mumwe chete. Anoita zvimwe chete. Ndiye mumwe chete. Uye Anoshanda zvimwe chete. AnoZviratidza zvimwe chete. Uye Ari pano, mangwanani ano, zvimwe chete. Zvino tinogona kuMuona; tinogona kutadza. Chero zvazvingava, tine huchapupu izvozvi hwekuti Ari pano.

²¹ Zvino, tinoona zvino kuti, Pauro, pane chiitiko ichi, uye achinyora tsamba idzi, zhinji dzacho, kubva mutirongo, akanga aenzanisa Testamente Yekare neItsva. Zvino rangarirai, munyori wekupedzisira weBhaibheri iri, nekufemerwa, Mwari vakadzika ndokumuudza, “Kana chero munhu akawedzera chero chinhu hacho kwaRiri kana kubvisa chero chinhu hacho maRiri, mumwe chetewo achabviswa kubva muchikamu cheBhuku reHupenyu, chake iye.” Saka tisazova nechivindi chekuwedzera chinhu chimwe kwaRiri. Oo, Rinofanira kugara sezvaRiri, harifaniri kuva nechimwe chinhu chinowedzerwa kwaRiri. Uye tinofanirwa kurwira zvese zviriro maRiri. Handidi zvimwe zvakawedzerwa, uye handidi zvimwe zvakatapudzwa. Ndinoda chete zvaRinotaura.

²² Zvino, Bhuku iri raVaHebheru, chikonzero chandaRisarudzira; chinangwa chimwe, chinhu chimwe; tsamba iyi, “Wadiwa Hama Branham,” nezvimwe zvakadaro. Uye, ini—ini, tinoda kugara neShoko.

²³ Zvino, chitsauko 1, kwaive kusimudzirwa kwaJesu, saka Ndiye Mukuru wacho. Zvino Pauro akatizivisa, humwe husiku, kuti Akanga ariko kumavambo makuru. Uye takaona kuti

Akanga asiri chimwe chinhu kunze kwa “Merkizedheki, Mambo weSaremi,” Mukuru wechitsauko 7.

²⁴ Uye zvino, mangwanani ano, tinoenda kwaAri tichibva nekune mamwe—mamwe maonero, kubva muchitsauko 2. Zvino, mushure mekunge Pauro atipa Mharidzo huru iyi, inoshamisa, yekusimudzira Jesu, “Uye akatoita kuti Ngirozi dziMunamate.” Uye ndinofunga, neche kuno, sepanyika, kuti yakura sei: “Zvino Achaipeta senguwo, asi dzichaparara, asi Imi munogara.”

²⁵ Uye uko muchitsauko 2, kana, ndima 2, ndinotenda kuti ndizvo, “Vakataura mazuva ano kwatiri neMwanakomana waVo.” Uye, tarisai, “Nguva dzakare nemigove mizhinji Vakataura kubudikidza nevaporofita.” Takapfuura uye tikaona vaporofita zvavaiva, uye kuti Mwari vakaunza sei Mharidzo yaVo nevaporofita. “Asi muzuva rino rekupedzisira Vakataura kuburikidza neMwanakomana waVo, Jesu, kubudikidza neMweya Mutsvene. Vakataura kuburikidza nevaporofita, mumazuva iwayo.” Takabva tadzoka ndokuona kuti, vaporofita vese ivavo vaive neMweya waKristu mavari.

²⁶ Takadzokera kuna Josefa tikaona kuti akanyatsofananidzira Kristu zvakakwana. Tikadzokera kuna Mosesi ndokuona kuti akanyatsofananidzira Kristu zvakakwana. Zvino takadzika kunyangwe kuna Dhavhidhi. Zvino Dhavhidhi paakarambwa muJerusarema, asingazive kuti sei, asi akakwira pamusoro pechikomo ndokutarisa kumashure, paGomo reMiorivhi, ndokuchemera Jerusarema nekuti ainge arambwa. Makore mazana masere kubva ipapo, Mwanakomana waDhavhidhi akarambwa saMambo, muJerusarema, ndokugara pachikomo chimwe chetecho akachema. Oo, Mweya waKristu, uchishanda nemunhu mumwe nemumwe!

²⁷ Zvino, Pauro anotanga, kuti:

Saka tinofanira kuteerera zvikuru kune zvinhu zvatakanzwa, . . .

²⁸ Chitsauko 2, zvino, tave kutanga.

Saka tinofanira kuteerera zvikuru kune zvinhu zvatakanzwa, kuti . . . chero nguva tinozvirega zvichitsvedza.

²⁹ Oo, dai Mwari vanyatsorovedzera izvi mutabhenakeri ino mangwanani ano. Ndinonamata kuti Mweya Mutsvene uchazvinyudza zvakadzika mukati memoyo yenyu. “Tinofanira kuteerera kwazvo kune zvinhu zvatakanzwa.” Tinofanirwa kuva vanhu verudzi rwakadini, kana tichiona Jehovha mukuru achidzika uye achiita zvinhu zvaAnoita, nekuzviona zvichienzaniswa, Rugwaro neRugwaro, kuti iChokwadi? Uye isu tinogara pano dzimwe nguva kunge mapundu ari padanda, uye tisingorina kana hany’n’a. Tinofanira kunge takabatikana, miniti yega-yega, tichiedza kuunza vanhu kuna Kristu. Tinofanira kuva matombo anorarama. Hatifaniri kumbova neusimbe

sezvatiri. Tichaenda kucheche, uye tichaona Ishe Jesu vachiita chimwe chinhu, kana—kana kutiropafadza neimwe nzira, uyezve ticha—tichadzokera kunze tonoti, “Musangano wakanaka kwazvo.”

³⁰ Zvino, kuparidzwa kweShoko, tinonakidzwa nako, asi handicho chinhu chikuru. Handicho. Hatifanire kunamata Ishe bedzi tichangopedza kuparidza Shoko, sezvatinowanzoita, kungoVanamata. Zvakaisvonaka. Asi tinofanira kuVanamata awa yega-yega yehupenyu hwedu. Kana tiri kubasa, tinofanira kuVanamata. Nguva yese panowanikwa mukana, namata Ishe nekupupura nezvaVo.

Kana mukaona, vamwe venyu madzimai, mukaona mukadzi ari mukanganisa, namatai Ishe nekumutora uye muchiti, “Sisi, pane hupenyu huri nani kupfuura uhwu.”

³¹ Imi varume kubasa kwenyu, kana muchinzwa munhu achishandisa Zita raShe zvisina maturo, tora mukana kune rimwe divi uverevedze, uye womubata neruoko, zvino woti, “Iwe, kune hupenyu huri nani kupfuura uhwu. Haufanire kushandisa mazwi iwayo.” Uye muudzei nenzira yakanyorova, yakapfava. Zvinhu zvese izvozvo kunamata.

Uye patinoona mumwe munhu achirwara, uye chiremba achiti hapaisina zvimwe zvingaitwe, tinofanirwa kunamata Ishe nekuvaudza, “Kuna Mwari veKudenga vanopindura munamato.”

³² Uye ipapo patinoona zvinhu izvozvo zvichiitika, izvo zvatinoona zvichiitika uye zvichiitwa, hatifanire kurega zvinhu izvozvi zvichitsvedza. Tongozvirega zvichipfuura nemuminwe yedu. Ndiro dambudziko rine chechi huru yePentekosti nhasi. Vakarega zvakanakisisa zvacho zvichitsvedza nemuminwe yavo, apo pavaive nazvo mumaoko avo. Asi, tarisai zvavakaita, vakaita semamwe machechi ose. “Vakamhanya mukukakava-... nemunzira yaKora, ndokuparara; nenzira yaKaini, ndokuparara mukukakavara kwaKora.”

³³ Vakave sangano. Panzvimbo yekuva nehukama wehama kwataigona kuva vamwe, vakazviita sangano. Vakagadzira masangano madiki uye nezvitevedzwa zvidiki, ndokunyuka kubva ipapo ndokungoparadzanisa hukama hwehama. Uye kana mukasatarisa, maBaptisti nemaPresbyteriani vachazvitora, nekuti, “Mwari vanokwanisa kubva pamatombo aya kumutsa vana kuna Abrahamu.” Zvino isu taka—isu takazvirega zvichitsvedza kubva mumaoko nekuda kwekusabatana.

³⁴ Ko maIndia akarasikirwa sei nenyika ino kuvachena? Imhaka yakuti vaive vasina kubatana. Dai vaive vakaita hondo huru yakabatana. . . Asi ivo vairwisana pakati pavo. Vangadai vakachengetedza nzvimbo dzavo dai vose vakauya pamwe chete.

³⁵ Ticharasikirwa nazvo sei? Nekuti hatina kubatana. Kurasikirwa kwatinoitwa nechiiitiko chedu naMwari, imhaka

yekuti hatina kubatana. Tinogadzira imwe, todaidza *iyi* kuti me—Methodisti, uye *iyi* Baptisti, uye *iyi* veAssemblies, uye *iyi* Oeness, uye *iyi chimwewo chinhu*, uye nechurch of God, uye neNazarene, Pilgrim Holiness. Isu tinopatsanura Mutumbi waKristu. Hatimbofanirwi kuve takapatsanuka. Tinogona kusiyana pamafungiro, asi ngativei hama pakadzika pemoyo. Mwari vanoda kuti tidaro. Vakafira Chechi yese yaMwari. Uye hatidi kuva takapatsanuka.

Zvino *tinofanira kuteerera zvikuru* kwazvo...kuti chero nguva tirege kuzvisiya zvichitsvedza.

Nekuti kana shoko rakanga rataurwa nevatumwa raive rakasimba...

³⁶ MaZvinzwa here? “Kana shoko rakataurwa nevatumwa...” Zvino, *mutumwa* ndiyo “nhume.” Shoko rekuti *mutumwa* rinoreva kuti “nhume.” Uye tichangobva mukupedza, mubhuku rechi 1 pano, “Mwari, munguva dzakare nemigove mizhinji, vakataura kumadzibaba kubudikidza nevaporofoita.” Ndivo vaive nhume dzaMwari. Uye vaive, kana vaive nhume dzaMwari, vaiva vatumwa vaMwari. Nhume mutumwa; kana kuti mutumwa inhume, waro.

³⁷ Nhume! Uri nhume, mangwanani ano. Uri...Uri nhume yenhau dzakanaka kana nhume yenhau dzakaipa. Oo, hazvina kunaka here, kuziva kuti isu tiri vamiririri, kuti tiri vatumwa, nhume dzerumuko? Uye isu tiri nhume dzaMwari kunyika izere nezvivi, kuti Kristu anorarama. Mumoyo yedu, Anorarama. Mumweya yedu, Anorarama. Uye Anotiunza kubva kuhupenyu hwakaderera hwekubatikana muchivi, uye wotisimudzira, uye otipa “hareruya” mumunhu wedu wemukati, uye otiita zvisikwa zvitsva. Tiri nhume, vatumwa veSungano. Zvakanakisa sei!

³⁸ Uye zvino, muTestamende Yekare, “Kana—kana shoko rakataurwa nevatumwa rakange rakasimba,” nenzira iyoyo raifanira kuve rechokwadi. MuTestamende Yekare, shoko remuporofoita risati raratidzwa, raifanira kuongororwa uye roratidzwa. Vakanga vasingaite zinyekenyeke naro, sezvatiri nhasi.

³⁹ Kungoenda kunze kunova nechero mhando yekutekenyedzwa, kana chimwewo chinhu, “Oo, mbiri kuna Mwari, ndizvozvo!” Wakapotsa.

Bhaibheri rakataura, kuti, “Mumazuva ekupedzisira, dhiyabhore achatevedzera Chikristu, zviru pedyosa, kusvikira zvichanyengera Vasanangurwa kana zvaibvira.” Ndizvozvo chaizvo. Saka, tinofanira kuriedza.

⁴⁰ Uye vairiedza sei muzuva ravo? KuUrimi neTumimi. Hombodo yechipfuva yaAroni, yaive nematombo aya mairi: kabhunakeri, jasipiri, dhaimani, rubhi, safiri. Matombo ese iwayo, anomiririra kuzvarwa kwemadzitateguru aya gumi nevaviri, aive muhombodo yechipfuva yaAroni. Zvino

muporofita akaporofita, uye Chiedza chitsvene ichocho chikapenyera pamusoro payo, Mwari vaiti, “Icho iChokwadi.” Asi, zvisinei nokuti zvaitaridzika kuve zvezmazvirokwazvo sei, kana isina kupenya pairi, chakanga zvisiri Chokwadi. Saka, Urimi neTumimi iyoyo yakaenda nehuprisita ihwohwo.

⁴¹ Asi Bhaibheri iri ndiro Urimi neTumimi yaMwari nhasi. Uye kana muporofita akaporofita, zvinofanirwa zvezmazvirokwazvo kupenyera neBhaibheri. Zvino, Mwari vanoti, ipapo Vanobva vadzika uye voZviratidza.

⁴² Oo, ndinogona kurumbidza Mwari kwazvo nhasi! Ndiri kufunga kumashure pane mamwe mangwanani eSvondo, akada kuita seino, pandakanga ndichibva patabhanakeri. Uye imi vanhu mainge muchichema uye muchindikumbira kuti ndirege kuenda. Asi, apo, pandakaparidza pamusoro paDhavhidhi naGoriati, uye kuti uchatarisana sei nenyika iyoyo yakatonhora, isina hany’n’a iyo inoti mazuva ezvishamiso akapfuura.

⁴³ Ndakati, “Kune hofori imwe chete huru, uye patichangogona kumuuraya, vamwe vese vachatora hushingi.” Zvino Ishe vakazviita. Zvino ipapo pakave naOral Roberts nemumwe Jagers, nevamwe vakadaro, ndokuvhomora Munondo, uye tikarwisa muvengi kubva munyika, tikavhara miromo yavo. Havagone kutaura kuti zvizhamiso hazviitike, nekuti hezvinoika izvi. Chokwadi. Shoko raMwari ndere kuna Ziyendanakuenda. Rakapenya paUrimi. Rakapenya paShoko, ndiyo Urimi neTumimi yaVo. Zvino pazvakapenya paIri, zvaive zvechokwadi.

Uye kune chero munhu ane chishuvo, kana uri mutadzi, uchida kuziva kuti unoponeswa sei, “Tenda kuna Ishe Jesu Kristu.”

⁴⁴ Nhasi, tine zvinhu zvakawanda kwazvo zvaunofanira kuita. “Unofanira kutangisa patsva. Unofanira kuita *izvi* nekuita *izvo*, kuti uponeswe.”

Ndinofunga nezve murindi wejeri wekuFiripi, murindi wejeri uyu paakabvunza Pauro, “Chii chandinofanira kuita kuti ndiponeswe?”

Dai aive iwe kana ini, taizomuudza zvinhu zvaasingafaniri kuita. “Unofanira kurega kunwa. Unofanira kurega kutamba njuga kwako, kutamba njuga kwako. Unofanira kurega *izvi*. Unofanira kurega *izvo*.”

Pauro haana kubvira akamuudza izvozvo. Akangomuudza zvinhu zvaafanira kuita. “Tenda kuna Ishe Jesu Kristu, uye uchaponeswa.”

⁴⁵ Zvino, “Uyo anonzwa Mashoko aNgu uye achitenda kuna Iye akaNdituma ane Hupenyu husingaperi.” Ndiyo Urimi neTumimi iri kupenya, Mutsvene Johane 5:24. “Ndini Jehovha ndinopodza zvirwere zvenyu zvese.” Jakobho 5:14, “Danai

vakuru, vazodzei nemafuta, munamoto wekutenda uchaponesa vanorwara.” Urimi ichipenya. Maona? Ndiri Shoko raMwari Rekusingaperi.

⁴⁶ Ini handina basa nekuti vangani vasingatendi kuti kuna Mwari, vasingatendi, vapokani, vatsoropodzi vanosimuka. Mwari vachamira neShoko raVo. Vakavimbisa kuti Vaizozviita.

⁴⁷ “Zvino tinofanirwa kuteerera zvikuru kune izvi zvatakanzwa, kuti chero nguva tirege kuzvisiya zvichitsvedza. Nekuti kana shoko rakataurwa nevatumwa (vaporofita) rakanga rakasimba. . .” Vakanga vari here? Tinogona kupedza vhiki pane izvi.

⁴⁸ Rakanga rakasimba here Mosesi paakatura? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Ichokwadi raive.

Ko Eria, akagara pamusoro pegomo? Ishe vakamuudza, “Enda kumusoro uko, Eria. Ndichagara ikoko newe; ndinoda kuyanana.” Mwari vanoda kuyanana nevanhu vaVo. Asi isu hatizomiri takadzikama zvakareba zvakakwana kuti Vayanane nesu. Takabatikana kwazvo tichisvetuka-svetuka, kubva pane imwe nzvimbo tichienda kune imwe nzvimbo, uye nezvakananyanya. “Gara wakadzikama, Eria.” Vaida makore matatu nemwedzi mitanhatu ekuyanana. Hatigone kuVapawo maminitsi matatu, zvachose. Makore matatu nemwedzi mitanhatu ekuyanana nguva dzose. Oo, ndinozvida izvozvo! Vakati, “Usanetseka nezve kubika; tichava nacho chakagadzirwa kare. Makunguwo achakupa chikafu. Uye zvese zvichaita zvakanaka. Ndiri kungoda kuyanana.” Muporofita uyu wekare, Eria, akagara kumusoro uko pamusoro pegomo, paakanga achiyanana naMwari, seizve, mukuru wemauto akati, “Ndinotenda kuti ndichaenda kumusoro kunomutora.” Zvino, usamboedza kuputsa yanano iyoyo.

⁴⁹ Saka, mukuru wemauto akauya kumusoro, neboka rake guru remauto evarume, remakumi mashanu. Zvino akati, “Nda—nda—nda—nda uya kuzokutora, Eria.”

⁵⁰ Zvino Eria akasimuka. Ngwarira, heuno muporofita waShe! Akati, “Kana ndiri muranda waShe, moto ngaubve kudenga ukuparadzei.” Zvino moto wakaburuka pasi. Mukuru wemauto akati. . .

⁵¹ “Oo, munoziva chii?” Mambo, waro, akati, “Kwangodaro pamwe kuri ku—kurova kwemheni, imwewo mheni yanga ichingopfuura, ndokuvarova. Ndichatumira vamwe makumi mashanu.”

⁵² Eria akasimuka, mumwe wevatumwa, shoko rake rakasimba. Aifanirwa kuve muripo wakarurama pazvinhu zvose zvakaipa zvakaitwa. Akati, “Kana ndiri muranda waShe, moto ngauuye.” Zvino makumi mashanu echipiri akapiswa. Zvakanaka. Muripo wese!

Nokuti kana shoko rakanga rataurwa navatumwa rakanga rakasimba, uye kudarika kwose nokusateerera kwakapihwa mubairo wakarurama. . .

53 Zvino, hechino chinhu chikuru, ndima inotevera.

Ko isu tichapukunyuka sei, . . .

54 “Ko isu tichapukunyuka sei?” Kana izwi raEria rakaunza kuparadzwa, nekuti aive mutumwa waShe, ko tichapukunyuka sei kana Izwi raKristu richitaura? Kana kuti, tingakundikana sei kana ukanamatirwa, kana Riri Izwi raKristu? Kana Kristu akagadza Chechi yaKe kuti inamatire vanorwara, zvino Chechi yoita zvaAnotaura Iye. . . kuti vaite, zvino Rinogozokundika sei? Hazvigoni. Iwe unogona kukundika, asi haRigoni kukundika. Uye chero bedzi uchingoRichengeta, Richaenda newe.

55 Ukakundika, wakundika wega. Unenge wangobva paShoko. Asi chero bedzi uchigara neShoko, haRikundike. Nekuti shoko revaporofita rakaita *zvakati-nezvakati*, ko Shoko raKristu richaita *zvakananda* *zvakanadzi*?

Ko isu tichapukunyuka sei, kana tisine hanyi'a nokuponeswa kukuru kwakadai; uko kunova pakutanga kwakatanga kutaurwa kwatiri naShe, uye kukasimbiswa kwatiri naivo vakamunzwa;

56 Fungai nezvaKo, kwakataurwa naIshe. Tinogona kudzokera kangani? Ndepapi patingamirira, ipo pano kweawa? Jesu paakauya, ndiYe mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi.

57 Zvino, rangarira, kwakatanga kutaurwa naJesu, pachaKe, uyezve kukasimbiswa neavo vakaMunzwa. Zvino Munzwei.

58 PaAkauya panyika, haAna kuzviti mupodzi. Akati, “Handisi Ini ndinoita mabasa; ndiBaba vaNgu vanogara maNdiri. Vanoita mabasa acho. Mwanakomana haagoni kuita chinhu pachaKe, kunze kwezvaAnoona Baba vachiita,” Mutsvene Johane 5:19.

59 Tarisai pakauya Firipi kwaAri. Natanaeri. . .Mushure mekutendeuka kwaFiripi, akaenda ndokunotoro Natanaeri. Akati, “Huya, uone Watawana: Jesu weNazareta, Mwanakomana waJosefa.”

60 Zvino akati, “Pangave here nechero chinhu chakanaka chinobva kuNazareta?”

61 Akati, “Huya, uone.” Ndiyo nzira yekuti ugutsikane: Zviratidze. Huya uone. Oo, ndizvo zvakanakisa zvandati ndakambonzwa. Huya uzvionere wega pachako. Haikona kumira kunze uye uchitsoropodza uri padivi, asi, “Edza zvinhu zvese, uye ubatisise pane izvo zvakanaka.” Huya uone.

62 Munzira imomo vakafamba, vachitaura. Paakafamba achipinda muHupo hwaIshe Jesu, Akati, “Tarirai muIsraeli asina nduru maari.”

63 Zvakabvisa ganda rose paari, potse-potse. Akatarisarisa, ndokuti, “Nhai, Rabhi, ko Makandiziva riinhi? Hamuna kumbobvira makandiona. Munondiziva sei?” Firipi akadaro . . .

64 “Asati, paakadana . . .” Akati, “Firipi asati akudana, nezuro, pawainge uri pasi pomuonde, Ndakakuona.” Amenii.

65 Akati, “Ndimi Mwanakomana waMwari. Muri Mambo weIsraeri.”

66 Mumwe mukadzi akapinda muHupo hwaKe, Iye ndokuti, “Enda, unоторa murume wako.”

Iye akati, “handina kana.”

67 Akati, “Ndizvozvo chaizvo. Wava nevashanu, uye iye wauri kugara naye zvino haasi wako. Wataura chokwadi.” Pafungei ipapo.

68 Mudzimai akati, “Changamire, ndinoona kuti Muri Muporofita. Izvo, tinoziva kuti kana Mesiya auya Achatitudza zvinhu zvese.”

69 Akati, “Ndini Iye, anotaura newe.”

70 Zvino akamhanya akanoudza varume vemuguta, “Huyai, muone Murume Andiudza zvese zvandakaita. Haasi here Mesia wacho?” Zvakataurwa naShe.

71 Chii chakaitika? Jesu akati, asati Aenda, “Zvinhu zvandinoina, nemi muchazviitawo.” Ndizvo here? [Ungano inoti, “Amenii.”—Mupepeti] “Zvinhu zvandinoina nemi muchazviitawo, kunyange kupfuura izvi, nekuti ndinoenda kuna Baba.” Oo, ndiri kuvaona pavaifamba vachienda, kwese-kwese. Marko 16, “Vakaenda kwese-kwese, vachiparidza; Ishe vachishanda pamwe navo, vachisimbisa Shoko.”

Uye pano, Pauro, achipa chinhu chimwe chetecho. Akataura kuti e—Evhangeri yakatanga kuparidzwa naJesu, uye ikasimbiswa kwatiri nevaya vakaMunzwa. Ndiro Dombo reNheyo. Oo, Zita raShe ngariropafadzwe! Ndiro Dombo reNheyo.

72 Uye kufunga, zviuru zviviri zvemakore zvapfuura. Vasingatendi kuti kuna Mwari vakasimuka, uye nevasingatendi, uye nevatoropodzi, uye nevapokani. Asi, nhasi, Jesu mumwe chete iyeye anosimbisa Shoko raKe nenzira imwe chete neavo vanoMunzwa. “Munzwei,” hazvireve bedzi kungonzwa mharidzo. Zvinoziva, inzwi *Iye*. Hongu.

73 Ko tichapukunyuka sei? Hutiziwo hwedu huripi? Oo, unoti, “Mwari ngaAropafadzwe, ndiri wechechi yeMethodisti. Ndiro muPresbyteriani. Ndiro muPentekosti.” Hazvina kana nechokuita naZvo. Uye unoenda kune rimwe divi zvino woda kuZvidaidza kuti “zvemweya-mweya, kana kumwe kuverenga pfungwa, kana rimwe dhimoni,” kana chimwe chinhu. Munonyadzisa!

⁷⁴ “Kana shoko rese rakasimbiswa nevatumwa...” Jesu akati, “Hazvisi... Chinguva chidiki, uye nyika haichazoNdiona zvakare. Asi, muchaNdiona, nekuti Ndichava nemi, kunyange mamuri, kusvikira kumagumo ezera.” Zvino patinoMuona achidzika pasi, kuti arambe achisimbisa Shoko raKe, ko tichapukunyuka sei kana tichitsigira imwe chechi, kana rimwe bato, kana sangano, kana imwe pfungwa diki isina musoro yedu? Zviri nani uregedze. “Nekuti chivi chose chakagamuchira mubairo wakakodzera pasi pevatumwa, zvikuru sei kana Mwanakomana waMwari achitaura kubva kuMatenga, kuti aratidze Shoko raKe! Ko tichapukunyuka sei, kana tichishaya hany’n’a neruponeso rukuru rwakadai?” Oo, ini zvangu! “Mwariwo zvakare...”

Ndima 4:

naiyewo Mwari achipupurirana navo, . . .

⁷⁵ Tarisai izvi. Ishe vakapupurira. Oo, ndiri kufara kwazvo nekuda kwazvo! Ishe vakapupurira.

⁷⁶ Tarisai. Eria paakagara pachikomo, zvino akati, “Kana ndiri munhu waMwari, moto ngauburuke kubva Kudenga ukuparadzei.” Mwari vakapupurira kuti *aive* munhu waMwari.

Mwari vanogara vachipupurira. Hupenyu hwako huchapupurira. Handizive kuti huchapupu hwako chii, asi hupenyu hwako hunotaura zvine ruzha kwazvo, izwi rako harinzwi. Asi, mararamiro ako—ako, hupenyu hwako hwemazuva ese huchapupurira zvauro. Mwari vanopupurira. Hongu. Mweya Mutsvene chisimbiso, uye chisimbiso chinotora mativi ese maviri ebepa. Vanokuona wakamira *pano* uye vokuona paunoenda. Kwete muchechi chete asi pabasa rezuva rega-rega. Wakasimbiswa kumativi ose maviri, mukati nekunze. Nemufaro waunawo, uye nehupenyu hwaunorarama, wakasimbiswa, mukati nekunze, zvokuti unoziva kuti wakaponeswa uye nyika inoziva kuti wakaponeswa, nehupenyu hwaunorarama, nokuti Mwari vanopupurira. Ngarirapafadzwe Zita raVo Dzvene! Ini zvangu, ndinonzwa manyukunyuku ekunamata!

⁷⁷ Pafungei, hama, ipapo. Oo! “Makwai aNgu anonzwa Inzwi raNgu, uye mweni haateveri.” Oo, kuti mazita edu ari muzvanza zvemaoko aKe! Riri pamberi paKe, masikati nehusiku. Shoko raKe rinogara riri pamberi paKe, Vimbiso yaKe. Haagoni kurikanganwa. Uye Anokuda.

⁷⁸ Zvino, Achapupurira avo vari vaKe chaivo. Hauvhure muromo wako kuti utaure shoko, nyika ichaziva kuti pane chimwe chinhu chakaitika kwauri.

. . .kupupurira, nezvese zviratidzo nezvinoshamisa, uye neminana yakasiyana-siyana, nezvipa zveMweya Mutsvene, maererano nekuda kwake pachake?

⁷⁹ Ngatitorei Rugwaro rumwe chete tisati tavhara; neZuva rePentekosti, pavakagamuchira Mweya Mutsvene. Anenge mazuva mana akatevera, Petro akange apfuura nepasuwo rainzi Rakanaka; iye naJohane. Vakati, “Titarise,” kumurume. Zvino akati, “Sirivheri nendarama handina, asi chandiinacho ndichakupa. MuZita raJesu Kristu weNazareta, simuka ufambe.” Zvino murume wacho akatarisa mudenga uye haana kana kumbobvunza chero chinhu nezvazvo. Akangosimuka ndokuenda achifamba. Vakanga vari varume vasingazivi uye vasina kudzidza. Asi Bhaibheri rakati, “Vakatovacherechedza, nekuti vaiziva kuti vaimbove vaina Jesu.”

⁸⁰ Hama, kana nyika ikaziva kuti wanga uina Jesu, apo unogona kurarama hupenyu hwakadaro husina kusvibiswa munyika ino yazvino uye nemurima rino, zvokuti nyika inziva uye inogona kuona kuti wange uina Jesu; apo pfambi yakare yakakwasharara, isina hunhu yomumugwagwa inogona kuzova mudzimai kwaye, yakashambwa muRopa reGwayana; Mwari vari kupurira kuti Anorarama.

⁸¹ Tora chidhakwa, icho chakaderera pasi kwazvo zvekuti chinomhanya-mhanya chiine mukadzi wacho, zvekuti chinobata vana vacho zvakaipa, uye nokutora chikafu kubva patafura, kuti achipedzere papfambi. Muitei kuti ange aina Jesu kamwe chete. Muchamuona achidzoka, saRegioni, uyo aive mupfungwa dzake dzakakwana uye akapfeka nguwo, kuvacheche vake uye nekumukadzi wake uye nekune vadikanwi vake. Zvirokwazvo.

⁸² Imwe nguva yapfuura, angaita makore makumi mana apfuura, apo zvitendero zvepanyika zvakasangana, uye vakasiyana-siyana vakasimuka ndokutaura. Zvino muMohamedhi akataura akamiririra chinamoto chechiMohamedhi. MaJaini akataura akamiririra maJaini; muBhudha akamiririra Bhudha. Zvino apo chiremba mudiki, ndakanganwa kuti zita rake rekupedzisira raive ani, panguva ino. Ndanga ndichiziva zita rake, asi ndarikanganwa. Akataura achimiririra Chikristu. Zvino akataura nyaya yaLady Maccabee wekuOklahoma, muAmerica.

Akanga akashata kwazvo uye akaderera kwazvo, kusvikira kunyangwe pavakaenda kunomuuraya, havaisatomboisa maoko avo paari, aive achinyadzisira kwazvo uye akafumuka. Vakamusungisa aine mhosva: kuputa ndudu; achityaira ngoro; ndokutyora mi—mi—mitemo, zvakanyorwa muOklahoma, paakapfuura nemumugwagwa, achityaira zvipani zvina zvemabhiza. Uye aive akafumuka kwazvo uye achinyadzisira kwazvo kusvikira vanhu vaisatombosvika paainge ari; zvakanyanya, kusvikira avo vanouraya pavaiinge vari kuzomuuraya, havana kuda kumusungirira. Vakangomodira tara neminhenga paari, kuti vamuuraye.

Zvino muparidzi muduku uyu paakapa nyaya yake, nenzira yokuti, kusvikira aita kuti vanhu vagare kumucheto kwezvigarozvavo, vachiteerera kuti chii chaizotevera. Paakasvika pane paya pokuti: akafumuka kwazvo, achinyadzisira, akaderera pasi, kusvikira vemitemo vaisatomboda kana nechekuita naye, aive akaderera kwazvo. Dhiyabhore chaiye wegehena aitoramba munhu akadaro, potse, nenzira yaakataura nayo nyaya yacho. Ndokubva ati, “Varume vezvitendero zvepasi rese, chitendero chenyu chine here chero chinhu chingachenesa maoko aLady Maccabee?”

⁸³ Munhu wese akagara akanyarara. Ndokubva arovanisa maoko ake pamwe chete, ndokusvetukira mudenga. Akati, “Kubwinya kuna Mwari! Ropa raJesu Kristu haringochenesi maoko ake chete, asi Rinochenesa moyo wake nekumuita Mwenga waKe.” Ndinokuudzai:

Nyasha dzinoshamisa! Ruzha rwunotapira
zvakadini,
Dzakaponesa munhu akaipa seni!
Ndakambenge ndakarasika, asi zvino
ndawanikwa,
Ndakanga ndiri bofu, asi zvino ndave kuona.
Inyasha dzakadzidzisa moyo wangu kutya,
Dzaive nyasha dzakabvisa kutya kwangu;
Dzaive dzakakosha zvakadini nyasha idzi
padzakaoneka
Panguva yandakatenda kekutanga!

⁸⁴ Zvirokwazvo. “Tingapukunyuka sei, kana tikashaya hanyin’ a nezvakadaro?” Ukaregedza kudya, uchafa. Ukaregedza kukona pakona, unoita tsaona. Ukaregedza kukama mombe, mukaka unooma. Ukaregedza kuita hanyin’ a nemazino ako, uchatozofanira kuadzurwa ose. Zvirokwazvo. Unobhadharira kushaya hanyin’ a kwako.

⁸⁵ Oo Branham Tabhanakeri nemi vaenzi, regai ndikutaurirei chimwe chinhu zvino. Ukaregedza kupupura nezve kubwinya kwaMwari, woredgedza kupa Mwari rumbidzo nembiri, unozozviwana watonhora, uchitevera tsika, uye wakadzokera kumashure, rimwe remazuva ano. Ipa Mwari rumbidzo. “Ko tingapukunyuka sei, kana tichishaya hanyin’ a neruponeso rukuru rwakadai?”

⁸⁶ Nguva yaenda. Ndangoerekana ndacherechedza Hama Thom, vafamba vachipinda muno kumashure uko. Tichavhara uye tichaenderera mberi neizvi manheru ano, Ishe vachitendera.

Ngatinamatei kwechinguvana.

⁸⁷ Baba vedu veKudenga, kwaMuri ngakuve neparopafadzo, nerumbidzo, nerukudzo, nekubwinya, nehungwaru, nemasimba, nesimba, nokusingaperi-peri. Oo, kuGwayana riya rakange rakagara paChigaro chehushe, hushe nehumambo nezvose

zvakaipihwa muruoko rwaKe. PaAkamuka kuvakafa, kuitira kururamiswa kweedu, Akadanidzira kunyika, “Simba rose Kudenga nepanyika rakapihwa muruoko rwaNgu. Endai, naizvozvo, munyika yese uye muparidze Vhangeri.”

Oo Gwayana rinodikanwa riri kufa, Ropa raKo
rinokosha
Harizorasikirwi nesimba raRo,
Kusvika Chechi yose yaMwari yakadzikinurwa
Yaponeswa, zvekuszotadzazve.

⁸⁸ Tibatsirei, sevashumiri, kuti tione kuti tiri kuda zvakananyanya; kuti tinofanira kuva nechechi, tinofanira kuve *neichi*, tinofanira kuva nezvose.

⁸⁹ Madzimai edu, asati aenda kuchechi, vachiri kuzvidaidza kuti Makristu, vanotofanira kuva neimwe mhando yedhirezi, kana kuti vanofanira kupfeka zvakatsvinda zviri mufashoni.

Uye vaparidzi vanotofanira kuva nemari yakawanda zvakadai vasati vauya, uye zvinhu zvose zvinofanirwa kuva zviri *zvakati-nezvakati*.

⁹⁰ Oo Kristu, pandinoverenga pano, “Kuti vairitaira sei, vakapfeka matehwe emakwai nematehwe embudzi, vachigara muninga dzenyika, nemapako.” Vakaritaira, vari pasi pekutambudzwa kusina hunhu, asi, zvakadaro, vakawana Kutenda, pasi peshumiro yevatumwa. Ko tichapukunyuka sei, apo Ishe Jesu vatipa dzimba dzakanaka, nemotokari, nembatya, nechikafu? Uye tinogunun’una. Tinongogara bedzi. Tine husimbe. Hatimboedzi kubuda kunze tonoit chimwe chinhu nezvazvo. Tichapukunyuka sei, Mwari?

⁹¹ Oo, ndinonamata kuti Muchapisa kupomera kwakare mumoyo wese, mangwanani ano, Ishe, kuti vanhu vapinde pakushanda vakachangamuka. Ngatishandei chiedza chezuva chichiri kupenya, nekuti zuva riri kunyura nekukurumidza. Uye budiro iri kuenda, uye hapachazovizve nenguva. Ichanyangadikira muna Ziyendanakuenda.

⁹² Oo Mwari, tipei nhasi kuti tiende nemaonero matsva, nehuchenjeri, nekunzwisisa, kwekuziva nzira yekutaura nevataadzi uye nekuvaunza kuna Kristu. Inzwai munyengetero womuranda weNyu, Ishe.

⁹³ Ndinobvunza, kana paine chero mumwe pano, asingazive Kristu seMuponesi wake, ungasimudze ruoko rwako here zvino woti, “Ndirangarireiwo, Hama Branham”? Ungasimudzawo ruoko rwako here, uchiti, “Ndirangarireiwo. Ndinoda kuva muKristu. Handichadi kuramba ndichishaya hanyin’ a zvakare”? Mwari vakuropafadzei, kumashure uko, changamire. Mumwewo munhu zvakare? Iti, “Ndinoda kusimudza ruoko rwangu, Hama Branham. Uye ndinoda kugamuchira Kristu, seMuponesi wangu, ndakashaya hanyin’ a, nguva dzose. Oo, ndinoenda kuchechi, chokwadi, ndiri wekuchechi.”



VAHEBHERU, CHITSAUKO CHECHIPIRI 1 SHO57-0825M
(Hebrews, Chapter Two 1)

MHARIDZO DZAKATEVEDZANA DZEBHUKU REVAHEBHERU

Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Svondo mangwanani, Nyamavhu 25, 1957, paBranham Tabhenakeri muJeffersonville, Indiana, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2021 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org